

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Nurutkeun Moelong (2007, kc. 6) nétélakeun *penelitian kualitatif adalah penelitian yang bermaksud untuk memahami fenomena tentang apa yang dialami oleh subjek penelitian misalnya perilaku, persepsi, motivasi, tindakan, dll., secara holistik, dan dengan deskripsi dalam bentuk kata-kata dan bahasa, pada suatu konteks khusus yang alamiah dan dengan memanfaatkan berbagai metode alamiah.*

Pamadegan di luhur téh saluyu jeung pamanggih Sukmadinata (2012, kc. 6) panalungtikan kualitatif (Qualitatif Research) nyaéta panalungtikan anu miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis fénoména kajadian, aktivitas sosial, sikep, kapercayaan, persepsi, pamikiran manusa boh individu boh kelompok.

Anapon métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta metodeu deskriptif. Metode deskriptif nyaéta panalungtikan anu miboga tujuan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi atawa hal-hal séjén anu geus disebutkeun, anu hasilna didadarkeun dina wangun laporan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 3).Eta pamadegan téh dirojong ku Djajasudarma (2010, kc. 9) nétélakeun yén métode panalungtikan déskriptif téh nyaéta metodeu anu miboga udagan pikeun nyieun déskripsi; maksudna nyieun gambaran, rarancang kalawan sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan data, sipat-sipat katut patalina fénoména-fénoména anu ditalungtik. Ieu métodé deskripsi téh dilarapkeun panalungtik nalika ngadéskripsikeun pamanggihna dina carita pantun *Lutung Leutik* nyaéta ngeunaan pakeman basa anu dipasing-pasing dumasar wandana.

Dina ngalaksanakeun panalungtikan perlu ayana desain panalungtikan gunana sangkan nyaho kana ambahan anu rék ditalungtik. Umar (2008, kc.6) desain panalungtikan nyaéta rarancang gawé nu miboga struktur hubungan-hubungan antar variabel sacara *komperhensif* sangkan hasilna bisa méré jawaban tina

patalékan-patalékan anu aya. Desain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan miboga galur saperti ieu di handap.



Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Dina panalungtikan kualitatif sumber data anu paling utama nyaéta kekecapan jeung tindakan, leuwihna mah mangrupa data tambahan saperti dokumén jeung réa-réa deui (Lofland jeung Lofland dina Moleong, 2007, kc.

157). Nurutkeun Moleong (dina Arikunto, 2013, kc. 22) sumber data dina panalungtikan kualitatif nyaéta tampilan dina wangun kekecapan boh lisan boh tinulis anu dipaluruh ku panalungtik, ogé barang-barang anu dipaluruh sacara gemet sangkan bisa meunangkeun ma'na anu nyamuni dina dokumén atawa barang anu keur ditalungtik.

Anapon anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta ungkara anu ngandung pakeman basa dina carita pantun *Lutung Leutik*. Kitu deui luyu jeung pedaran ngeunaan sumber data di luhur, dina ieu panalungtikan sumber datana mangrupa dokuméntasi tinulis, nyaéta:

Judul Carita Pantun	: <i>Lutung Leutik</i>
Seri ka-	: 15
Taun medal	: 1973
Juru Pantun	: Ki Kamal (Lebakwangi, Kuningan)
Hasil Transkrip	: Sayudi
Dikoréksi ku	: Ajip Rosidi
Pulas Buku (jilid)	: Héjo
Kandel Buku	: 141 kaca
Ukuran Buku	: 32,5 cm x21,3 cm
Publikasi	: Proyék Penelitian Pantun & Folklor Sunda Bandung

3.3 Tehnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tehnik ulikan pustaka. Téhnik ulikan pustaka dilaksanakeun ku cara neuleuman buku sumber nu aya pakuat-pakaitna jeung konsép teoritis katut bahasan pasualan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc.75).

Anapon léngkah-léngakh pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) nangtukeun sumber data nya éta carita pantun *Lutung Leutik*;
- 2) maca carita pantun *Lutung Leutik* salaku sumber data anu dianlisis;

RINA YUNI ASTARI, 2017

**KEKECAPAN DINA CARITA PANTUN *LUTUNG LEUTIK*
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMP**

universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) nyirian kekecapan anu aya dina carita pantun *Lutung Leutik* dumasar wangun kekecapan anu aya dina carita pantun *Lutung Leutik*;
- 4) nyalin kekecapan anu geus kapaluruh dina kartu data anu geus disadiakeun.
- 5) ngaalfabétiskeun data kekecapan anu geus kapanggih dina carita pantun *Lutung Leutik*; jeung
- 6) meré nomer kode tina data kekecapan anu geus kapanggih.

3.3.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan babari migawéna, sarta hasilna leuwih hadé, hartina leuwih gemet, lengkep, jeung sistematis nepi ka leuwih babari diolahna (Arikunto, 2013, kc. 203). Dumasar pedaran di luhur instrumén panalungtikan miboga kalungguhan anu kacida pentingna, sabab jadi salasahiji alat anu mantuan panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikanna.

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Sakabéh data ngeunaan kekecapan anu kapanggih dina carita pantun *Lutung Leutik* disalin kana kartu data. Anapon kartu data anu digunakeun dibéré idéntitas sewang-sewangan, eusina mangrupa katerangan anu nuduhkeun judul carita pantun, kaca, pada, jeung padalisan. Sanggeus kitu éta data téh disalin kana tabel anu satuluyna dipasing-pasing dumasar wandana. Leuwih jéntré saperti ieu di handap.

- 1) Kode data, boga pungsi pikeun ngababarikeun panalungtik dina nganalisis data, bisa mangrupa angka, huruf, kecap jrrd. Kode data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta “(CPLL/6/2/11/KKtS)” hartina CPLL mangrupa singgetan anu nuduhkeun judul, nyaéta Carita Pantun *Lutung Leutik*, angka 6 nuduhkeun kaca, angka 2 nuduhkeun pada, angka 11 nuduhkeun padalisan, jeung KKtS mangrupa singgetan anu nuduhkeun wanda kekecapan nyaéta Kekecapan Kantétan Sipat.
- 2) Data, bisa mangrupa kecap atawa kalimah anu ngandung pakeman basa.
- 3) Wangun kekecapan, ditilik tina tiori Sudaryat anu nyieun papasingan kecap ditilik tina wangun kecapna.
- 4) Deskripsi mangrupa pedaran tina data anu kapanggih.

Kartu Data	
Kode Data	:(CPLL/6/2/11/KKtS)
Data	: Kantun neda <u>mulus rahayu</u>
Wanda	: Kekecapan wangun kecap kantétan sipat
Deskripsi	: sehat tur salamet

Bagan 3.2

Conto Kartu Data

Sabada instrumén kartu data dilaksanakeun, satuluyna sakabéh data dihijikeun jeung diolah ngaliwatan tabél data. Tabél data dilakukeun ku cara mindahkeun hasil tina kartu data kana wangun tabél. Conto format tabélna saperti ieu di handap.

Tabél 3.1

Conto Tabél Data

No Urut	No Data	Kekecapan	Harti Kekecapan	Kode Data	f	%
1	001	apanjang apunjung	panjang umur jeung mindeng munjung ka sepuh (Danadibrata, 2009, kc. 497).	CPLL/2/1/7/KKtS	1	0,30

3.4 Téhnik Analisis Data

Téhnik anu digunakeun pikeun analisis data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Unsur-unsur anu dianalisisna nyaéta wangun, wanda jeung harti pakeman basa.

Anapon léngkah-léngkah dina nganalisis data nyaéta:

- 1) mariksa jeung narjamahkeun data kekecapan anu kapaluruh dina sumber data;
- 2) nyieun papasingan dumasar wangun kekecapan;
- 3) ngadéskripsikeun wangun kekecapan;
- 4) nyieun kacindekan tina hasil analisis data; jeung

RINA YUNI ASTARI, 2017

**KEKECAPAN DINA CARITA PANTUN LUTUNG LEUTIK
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMP**

universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 5) nyusun bahan ajar ngeunaan pakeman basa anu kapaluruh dina carita pantun Lutung Leutik pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP.